STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 26 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $94 MILYON DOLA KI TE ATRIBYE POU PWOJÈ ENÈJI SOLÈ NAN ETA

142 Pwojè solè nan biznis ak lekòl yo pral ogmante kapasite solè New York pa 68 pousan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse prim NY-Sun pou gwo pwojè elektrik solè ki pral ogmante kapasite solè nan Eta New York pa plis pase 214 megawatt, yon ogmantasyon 68 pousan sou kantite enèji solè ki te enstale e ki nan liy lan nan fen 2013. Pri konpetitif yo plis avanse echèl enèji solè e li te mete eta pipre yon endistri solè ki dirab, otonòm.

"Jodia nap fè yon lòt envestisman alontèm nan ekonomi enèji pwòp nou – avèk preske $100 milyon dola nan finansman ki pral dramatikman chanje kapasite nou pou jenere ak itilize enèji solè nan eta," Gouvènè Cuomo te deklare. "New York ap vini rapidman yon lidè nasyonal nan enèji renouvlab nan devlope yon endistri solè konpetitif, e benefisyè prim jodia yo se yon egzanp sou fason pwogrè sa ap kontinye grandi. Pandan nap rekonèt semèn klima, sa a se yon lòt etap pwogrè nan objektif nou pou kreye yon pi bon kote pou Nouyòkè yo viv ak travay, e map rete tann pou m wè pwojè sa yo kontribye a yon anviwonman ki pi pwòp."

Nouvo kapasite a, sa ki prevwa pou 142 sit pwojè, yo te jwenn nan pwogram Rechèch Enèji Eta New York ak PV Konpetitif Otorite Devlopman, sa kap travay pou stimile mache a pou sistèm ki pi laj pase 200 kilowat pou katran. Yon total $94 milyon dola nan finansman renouvlab pou pwojè sa yo apwiye sou envestiman prive $375 milyon nan nouvo pwojè enfrastrikti elektrisite PV.

Yon total 50 sit pwojè ki lokalize nan biznis yo; 41 nan lekòl ak distri lekòl; 36 nan minisipalite ak lòt etablisman gouvènman; ak 15 nan òganizasyon non pwofi, enstitisyon swen sante ak kolèj.

"Rezilta nan solisitasyon sa mete an evidans siksè inisyativ NY-Sun Gouvènè Cuomo nan kondwi yon ogmantasyon enpòtan nan enèji solè nan Eta, ak gwo enterè ki soti nan distri lekòl yo se yon endikatè de siksè nou ka atann nan nouvo pwogram K-Solar NY-Sun, ki santre spesyalman sou pwojè enèji solè nan lekòl yo," te deklare John B. Rhodes, Prezidan ak PDG, Rechèch ak Enèji Eta New York ak Otorite Devlopman. "NY-Sun ap mobilize envestisman prive nan resous renouvlab pwòp sa kòm Eta New York ap

kontinye devlope sistèm enèji pwòp ki pi rezistan, fyab epi a bon mache."

Repons a solisitasyon sa demontre ke Eta New York te vini yon mache solè ki deplizanpli atreyan. Yon total 49 devlopè te soumèt pwopozisyon, yon ogmantasyon ki make plis pase de solisitasyon anvan yo. Dènye òf yo te gen ladan gran devlopè solè ki te deja konsantre sou lòt eta yo, rejyon ak peyi a e yo te soumèt òf yo a Eta New York pou premye fwa.

Anplis, pwojè gwosè mwayèn ki te pwopoze a ap kontinye ogmante fòtman plis pase double de 750 kilowat ane pase a plis pase 1.8 megawat avèk dènye solisitasyon an. Pri total òf pou pwojè ki atribye yo te dekline anpil apeprè yon ane de sa - de $1 pa watt a 55 santim pa watt nan teritwa Con Edison e soti nan 68 santim pa watt a 41 satin pa watt nan rès eta. Sa pral lakoz nan 1.6 fwa plis enèji solè ki pwodui pa lajan kontribyab yo gen apeprè yon lane.

Repons fò ki soti nan men devlopè yo te kontinye avèk pwojè yo nan lokasyon stratejik kote enstalasyon nouvo sistèm solè yo espere pou bay benefis a sistèm distribisyon elektrik la. Senk pwojè ki te atribye yo te ale odela enèji solè, entegre efikasite enèji ak estokaj enèji nan òf yo, yon opsyon ki disponib pou premye fwa.

Anpil nan sit ki te resevwa prim yo pral itilize mezi kontwòl a distans, sa kap pèmèt pwopriyetè sistèm enèji renouvlab yo pwodui plis enèji ke sa yo konsome nan yon lokasyon chak ane pou akimile kredi ki kapab itilize pou konpanse lòt kont elektrik sou menm non an.

Prim NY-Sun ki te anonse pa Gouvènè Cuomo montre pwogrè enòm ki te fèt pou ogmante konsiderableman kantite kapasite enèji solè pwòp nan Eta New York," te deklare Gil C. Quiniones, Prezidan ak Ofisye Egzekitif anchèf New York Power Authority. Pwogram konpetitif fotovòltayik la te mennen a prim sa yo egalman reflete yon apwòch stratejik pou diminye pri enèji solè ak stimile envestisman sektè prive a an sous elektrisite renouvlab pwòp sa."

New York Power Authority ap kontinye travay etwatman avèk Otorite Devlopman Rechèch Enèji Eta New York pou pote osijè plis entegrasyon enèji solè grasa inisyativ pou redwi nan depans solè yo. Sa a gen ladan yon nouvo pwogram k-solè ki te entwodui, an patenarya avèk Depatman Edikasyon Eta New York.

Anba pwogram NY-Sun Competitive PV, enstalè yo te soumèt pwopozisyon pou finansman ki baze sou angajman ki soti nan konpayi ki enterese yo pou enstale PV nan lokal yo ak rekonpans ki pwopoze pou chak pwojè PV. Ou kapab jwenn enstalè ki te resevwa prim yo LA.

KANTITE SIT PWOJÈ KI PLANIFYE PA REJYON:

Vil New York
Gen 32 sit pwojè nan vil New York: twa nan Bronx, 10 nan Brooklyn, kat nan Manhattan, 10 nan Queens ak senk nan Staten Island – enkli 24 lekòl piblik nan senk awondisman yo.

Hudson Valley
Gen 23 sit pwojè nan Hudson Valley: youn nan Konte Dutchess, kat nan konte Orange, youn nan Konte Putnam, de nan Konte Rockland, de nan konte Sullivan ak 13 nan Konte Westchester – enkli Prezidan Countainer nan Konte Ayewopò Middletown ak Dutchess.

Capital Region
Gen 18 sit pwojè nan Capital Region: de nan konte Albany, senk nan Konte Columbia, de nan Konte Rensselaer, sis nan Konte Saratoga, ak youn nan chak konte Schenectady, Warren ak Washington -- enkli Vil Halfmoon, Mohawk Fine Paper nan Cohoes, Environment One Corp. nan Niskayuna ak Lekòl Emma Willard nan Troy.

Mohawk Valley
Gen 20 sit pwojè nan Mohawk Valley: youn nan Konte Fulton, sis nan Konte Herkimer, sèt nan Konte Oneida, youn nan Konte Otsego ak senk nan Konte Schoharie – enkli twa sit nan Vil Utica, yon sit nan Biwo Sherif Konte Oneida ak yon sit nan Vil Amsterdam.

North Country
Gen sis sit pwojè nan North Country: youn nan Konte Clinton, twa nan Konte Jefferson ak de nan Konte St. Lawrence – enkli ConMed Corp. nan Philadelphia (Konte St. Lawrence), Pon Ogdensburg ak Port Authority, ak Ayewopò Plattsburgh.

Southern Tier
Gen uit sit pwojè nan Southern Tier, de nan Konte Broome ak sis nan Konte Tompkins -- enkli Volcraft NY nan Chemung, Vanguard Printing nan Ithaca ak Ayewpò Rejyonal Ithaca Thompkins.

Santral New York
Gen 13 sit pwojè nan santral New York: youn nan konte Cortland, twa nan Konte Madison, sèt nan Konte Onondaga ak de nan Konte Oswego – enkli Distri lekòl Liverpool (Konte Onondaga), Konte Onondaga ak ConMed Corp. nan Sullivan (Konte Madison).

Finger Lakes
Gen 13 sit pwojè nan Finger Lakes: youn nan Konte Genesee, youn nan Konte Livingston, sis nan Konte Monroe, kat nan Konte Ontario ak youn nan Konte Wayne – enkli Hobart ak William Smith College ak Distri Lekòl Avon Central nan Avon (Konte Livingston).

Rejyon Lwès New York
Gen nèf sit pwojè nan lwès New York: de nan Konte Cattaraugus ak sèt nan Konte Erie – enkli kanpis medikal Buffalo-Niagara nan Buffalo.

Sa a espere pou li solisitasyon final anba pwogram Konpetitif PV. Plan yo anba devlopman pou enkòpore pi gwo pwojè 200 MW ki te anonse dènyèman nan tout eta Pwogram Rekonpans NY-Sun kòmanse apati

2015 grasa yon apwòch sistèm blòk MW ki te fè prèv li ki reponn a chanjman nan kondisyon mache a, pèmèt mache solè a nan chak rejyon eta pou grandi nan pwòp ritm li. Pwogram Rekonpans NY-Sun stratejikman deplwaye fon piblik pou kondwi endistri a nan echèl epi redwi chaj sou kontribyab yo.

NY-Sun se yon pati nan angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje anviwonman an, devlope ekonomi enèji pwòp ak diminye depans pou tout Nouyòkè yo. Se yon patenarya dinamik piblik-prive pou kondwi kwasans nan endistri solè ak rann teknoloji solè a pi abòdab. Depi Gouvènè Cuomo te lanse NY-Sun nan ane 2012, yon total de 316 solè elektrik ki te enstale oswa ki sou kontra, plis pase sa ki te enstale nan tout deseni anvan an. Pwogram NY-SUN ap mete ansanm ak ogmante pwogram ki la deja epi ki anba kontwòl New York State Energy Research and Development Authority, Long Island Power Authority, PSEG Long Island, and the New York Power Authority, pou asire yon plan agrandisman enèji solè ki byen kowòdone, byen finanse ak yon tranzisyon nan endistri solè ki dirab, ak otonòm.

Avèk inisyativ sa a, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè pou fasone avni enèji a rete fèmeman anplas. Nan devlope solisyon mache tout nèf, Eta a ap respekte pwomès Gouvènè Cuomo pou l transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, efikas san koute chè epi dinamik. Travay avèk eta, sitwayen ak moun ki gen enterè nan endistri a, règleman enèji New York ap avanse a yon apwòch ki pi baze sou mache desantralize. Sa vle di pwoteje anviwonman an, diminye depans enèji epi kreye opòtinite kwasans ekonomik pou jenerasyon Nouyòkè jounen jodi yo ak sa kap vini yo. Nan vanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè yo pral genyen enèji amelyore bon mache ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

****

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE